

Sa Adolesan yo Dwe Konnen Sou MPV a

Varyòl makak la (monkeypox, MPV) se yon viris ki atrapan. Li te konn ra anpil men kounye a li ap simaye nan Vil New York (New York City, NYC) ak Etazini. Men enfòmasyon adolesan yo dwe konnen sou MPV a pou yo pwoteje tèt yo.

Kisa Sentòm Yo Ye?

Sentòm MPV ki parèt pi souvan an se bouton oswa maleng ki ka sanble ak ti bouton kwasans oswa zanpoud okòmansman, apres a yo vin pi di avèk yon vid nan mitan yo. Bouton oswa maleng yo gendwa kouvri tout kò a oswa kèk pati, tankou figi a, men oswa pye, oswa andedan oswa ozalantou bouch la, peni an, vaje an, boul grenn yo oswa dèyè a.

Epitou, gen kèk moun ki gen sentòm ki sanble ak sentòm grip tankou lafyèv, frison, maltèt, doulè nan misk, glann anfle oswa fatig. Sentòm sa yo kapab parèt anvan oswa nan menm moman ak maleng yo.

Pinga w mete nan tèt ou yon moun gen MPV a si li gen yon bouton oswa maleng, epi pinga w panike si w gen yon bouton oswa maleng. Pifò bouton ak maleng se pa MPV a ki bay yo. Gen anpil bagay ki kapab lakoz bouton ak maleng yo tankou piki ti bèt, ti bouton kwasans, reyaksyon alèjik ak lòt enfeksyon. Si w gen bouton oswa maleng ki fenk parèt, pale ak yon granmoun oswa pwofesyonèl swen sante ou fè konfyans. Pou w wè imaj bouton oswa maleng MPV a bay yo, ale sou [cdc.gov/monkeypox](https://www.cdc.gov/monkeypox), klike sou "**Signs and Symptoms**" (Siy ak Sentòm yo) epi chèche "**Monkeypox Rash Photos**" (Foto Bouton Varyòl Makak bay yo).

Kijan Viris la Simaye?

An jeneral, MPV a simaye nan kontak avèk bouton oswa maleng yon moun ki gen viris la. Li kapab simaye tou apati ti gout respiratwa (krache) nou transmèt pandan kontak fas-a-fas.

Pou kounye a, viris la sitou simaye pandan ou ap fè sèks nan bouch, nan twou dèyè ak nan vaje an lòt aktivite entim tankou bo, karese ak fè masaj. Ou kapab pran li tou nan manyen rad, dra ak lòt bagay ki te an kontak avèk bouton oswa maleng yon moun ki gen viris la.

MPV a kapab simaye depi lè moun yo gen premye sentòm yo jiskaske maleng yo genyen yo geri nèt epi gen yon nouvo kouch po ki fòme. Sa kapab dire de (2) a kat (4) semèn.

Ki Aktivite ki San Danje?

Ou gen yon vyepti risk oswa ou pa gen okenn risk pou w trape MPV a pandan pifò aktivite yo. MPV a prèske pa atrapan menm jan ak COVID-19 oswa ak lagrip. Pa gen risk pou aktivite tankou ale lekòl, pran metwo oswa bis, pratike espò, ak pase tan avèk zanmi simaye MPV a.

Ki Kèk Fason Pou Evite MPV a?

Moun ki gen plis risk pou yo trape MPV a, tankou moun ki gen plizyè moun yo ap fè sèks oswa plizyè moun yo ap fè sèks yo pa konnen, ta dwe panse pou pran vaksen an. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou ki moun ki kapab pran vaksen an, ale sou nyc.gov/mpv epi klike sou "**MPV Vaccination**" (**Vaksinasyon kont MPV**), oswa rele **311**. Anplis:

- Evite sèks ak lòt kontak entim avèk plizyè patnè oswa patnè ou pa konnen.
- Evite kontak fizik sere (tankou fè bo, karese ak fè mesaj) si ou menm oswa patnè ou yo pa santi nou byen oswa nou gen bouton oswa maleng ki fenk parèt.
- Mande patnè w yo si yo santi yo malad oswa si yo gen bouton oswa maleng ki fenk parèt.
- Panse pou w evite ale kote moun ka gen kontak po ak po dirèk epi kote moun mete rad lejè, tankou fèt tekno, fèt ak klèb.
- Sèvi ak yon kapòt ki fèt ak latèks oswa poliretàn lè ou ap fè sèks sizoka MPV a kapab simaye nan dechay. Epitou, kapòt pwoteje moun kont enfeksyon moun pran nan fè bagay ak gwosès.

E Si Mwen Gen Sentòm oswa Mwen Te An Kontak ak Yon Moun Ki Gen MPV?

Pale ak yon doktè pou konnen opsyon tès ak tretman oswa yon enfimyè lekòl pou w jwenn enfòmasyon jeneral ak sipò. Ou kapab mande pou w pale an prive pou w kapab onèt konsènan kesyon ak enkyetid ou yo.

Moun ki gendwa te an kontak ak MPV a dènyeman ta dwe pran vaksen an tousuit, piske vaksinasyon an kapab anpeche yo malad epi redui sentòm yo si yo trape viris la toutbon.

Ki Kote Mwen Kapab Pran Vaksen?

Ale sou vaccinefinder.nyc.gov oswa rele nan 877-829-4692 pou w jwenn yon kote yo bay vaksen kont MPV. Vaksinasyon kont MPV a gratis. Pou kounye a, jèn moun ki gen 12 lane e plis yo pa bezwen konsantman paran yo pou pran vaksen an. Si yon timoun gen mwens pase 18 lane, paran oswa responsab legal li yo kapab jwenn dosye vaksen li yo.

Si w pa gen yon pwofesyonèl swen sante:

- Ale nan yon Klinik Sante Seksyèl Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York. Yo bay swen an sekre, epi moun ki gen 12 lane ak plis yo pa bezwen konsantman paran yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/health epi chèche "**sexual health clinics**" (**klirik sante seksyèl**).
- Rele **311** oswa 844-692-4692 pou w jwenn èd pou jwenn yon pwofesyonèl swen sante.
- Ale sou nycyouthhealth.org pou w jwenn enfòmasyon sou pwogram YouthHealth NYC Health + Hospitals.

Yo ap ba w swen nan Vil New York kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon ou, asirans ou oswa kapasite w pou peye. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/mpv ak cdc.gov/monkeypox.